

SIBVANSYON ASISTANS LOJMAN ANN IJANS (ÒF POU AKSEPTE OUBYEN REFIZE)



KISA YON ÒF POU AKSEPTE OUBYEN REFIZE YE?

Yon demand pou asistans ijans pou satisfè yon bezwen ijan rezidan New York ki touche yon ti kras kòb yo. Ou ka itilize èd sa a pou kouvri plizyè kalite sitiyaasyon. Youn nan fason moun itilize òf pou aksepte oubyen refize an se pou ede peye lwaye pou evite oswa mete plis tan pou degèpisman.

KISA MWEN BEZWEN POU APLIKE ÒF POU AKSEPTE OUBYEN REFIZE POU LWAYE OSWA IPOTÈK?

- Si gen yon aksyon tribinal, kopi nenpòt ki estipilasyon oswa lòd tribinal la
* *HRA pa egzije pou ou gen yon ka nan Tribinal Lojman.*
- Ou dwe soumèt yon aplikasyon pou Èd Lajan Kach, ki endike li se sèlman pou Èd Lajan Kach ann ijans (gade seksyon Kijan pou w **Aplike anba (How to Apply)** a)
* *Ou pa oblije yon benefisyè Asistans Piblik pou w patisipe nan òf pou aksepte oubyen refize an.*
- Demann pou lwaye, bòdwo oswa lèt nan men pwopriyetè a ki montre konbyen lwaye a koute ak konbyen lwaye ou dwe
- Dokiman prèv revni pou tout moun nan kay la kounye a
- Batistè oswa kat sekirite sosyal ak yon pyès idantite ki gen foto pou chak adilt nan kay la (obligatwa dapre lwa federal / lwa eta a)
- Dokiman prèv angajman konpayi endepadan pou ede ou ak lwaye si li nesèsè
* *Yon manm fanmi oswa yon zanmi ka dakò pou ede ou. Yo pral bezwen siyen pwomès sa a.*
- Kontra-lwaye (nan non aplikan an)
- Taks pou koperativ, kondominyòm, ipotèk, ak pwopriyete yo elijib (Privilèj yo ap obligatwa sou pwopriyete ki elijib yo kòm yon kondisyon pou kalifikasyon)

KISA KI KÈK BAGAY HRA KONSIDERE LÈ YO REVIZYE YON APLIKASYON?

- Bezwen pou asistans ak dokiman ki gen rapò (sètadi pèt travay poutèt COVID-19)
- Itilizasyon resous ki disponib pou evite aryere
- Si lojman an abòdab
- Konsiderasyon nenpòt faktè risk espesyal tankou andikap
- Yon plan solid pou peye lwaye pi devan

KONBYEN TAN L AP PRAN POU JWENN YON APWOBASYON?

Selon ijans ka a, li ka pran 30 a 45 jou pou resevwa yon desizyon apre ou soumèt tout dokiman yo; men yo pral pran yon detèminasyon davans nan dat peman espesifye nan estipilasyon/lòd tribinal la. Si ou pa resevwa yon desizyon apre 30 a 45 jou oswa anvan yon dat peman, ou ka tcheke nan ki pwèn ka a ye sou ACCESS HRA oswa rele HRA InfoLine pou enfòmasyon nan **718-557-1399**.

KIJAN YO BAY SIBVANSYON AN?

Se pwopriyetè a oswa Tribinal Lojman an n ap bay chèk yo dirèkteman, kote sa apwopriye.

ÈSKE MWEN GEN POU RANBOUSE SIBVANSYON AN?

Daprè lwa eta a, pifò moun ap oblije remèt HRA omwen yon pati nan lajan an, menm si kliyan k ap resevwa SSI yo pa oblije remèt sibvansyon ijans yo epi sèten kalite aryere pa oblije remèt lajan an.

Kòm yon pati nan pwosesis aplikasyon an, si aryere lwaye yo idantifye, y ap mande kliyan yo pou yo siyen yon akò ranbousman Eta a egzije nan moman aplikasyon an nan ACCESS HRA. Avi detèminasyon an ap enfòmè ou si ou dwe ranbouse sibvansyon an dapre lwa Eta a.

E SI MWEN TE PATISIPE NAN YON ÒF POU AKSEPTÉ OUBYEN REFIZE DEJA?

Ou ka aplike pou òf pou aksepté oubyen refize an menm si ou te gen youn deja. Si ou te gen yon òf pou aksepté oubyen refize, ou ka gen pwoblèm pou jwenn yon lòt. Si ou te fè peman, ou pral gen plis chans. Ou pral bezwen montre HRA nouvo rezon ou pa ka peye kay ou an.

POU JWENN PLIS ENFÒMASYON

HRA InfoLine:
718-557-1399

Repons Tribinal Lojman
www.housingcourtanswers.org

KOUMAN POU APLIKE AK ACCESS HRA

Ou ka aplike pou yon òf pou aksepté oubyen refize nan aplikasyon Èd Lajan Kach la sou ACCESS HRA. Nou poze kesyon pandan pwosesis aplikasyon sou entènèt lan pou asire yon sibvansyon ijans pa nesèsè pou asire sekirite finansye ou. Se poutèt sa, chak aplikasyon Èd Lajan Kach ACCESS HRA kòmanse ak yon seri kesyon endikatè ijans.

Pou aplike pou yon sibvansyon ijans yon sèl fwa (òf pou aksepté oubyen refize), ou pral bezwen suiv etap sa yo:

1. Ale sou **ACCESS HRA** epi **konekte (log-in)**
2. Chwazi lyen '**Avantaj (Benefits)**' la nan opsyon meni sou paj dakèy la
3. Chwazi '**Kòmanse yon nouvo aplikasyon (Start a New Application)**'
4. Chwazi opsyon '**Èd Lajan Kach (Cash Assistance)**' nan paj '**Chwazi Aplikasyon (Select Application)**' an
5. Idantifye nenpòt endikatè ijans ki aplikab epi klike sou '**Suiva (Next)**'
6. Chwazi ki kalite avangaj ou ta renmen aplike pou li. Twa o (3) opsyon yo se: Èd Lajan Kach, Òf pou aksepté oubyen refize oswa Gadri san Èd Lajan Kach Child Care without Cash Assistance, CILOCA)
7. Ranpli epi soumèt aplikasyon an
8. Swiv enstriksyon yo nan paj konfimasyon ACCESS HRA epi soumèt dokiman obligatwa yo avèk Aplikasyon Mobil ACCESS HRA a

Kliyan ki gen yon dosye Èd Lajan Kach aktif ka soumèt yon demann sibvansyon espesyal pou aryere lwaye atravè ACCESS HRA. Pou soumèt yon Demann Sibvansyon Espesyal pou Èd Lajan Kach, kliyan ap bezwen:

1. Ale sou **ACCESS HRA** epi **konekte (log-in)**
2. Mete enfòmasyon idantifikasyon nan '**Jwenn Dosye pa mwen an (Find My Case)**' ak lyen nan ka HRA ou a
3. Chwazi '**Gade Dosye (View Case)**' nan paj dakèy itilizatè ACCESS HRA a
4. Chwazi '**Mande Sibvansyon Espesyal (Request Special Grant)**' ki sou bò gòch la
5. Idantifye sibvansyon espesyal w ap mande a, ranpli demann lan epi soumèt li
6. Swiv enstriksyon yo nan konfimasyon an epi soumèt dokiman obligatwa yo avèk Aplikasyon ACCESS HRA a